# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 15-июльдағы 51к/к-, 09/ққ-санлы қоспа қарарын орынлаў ҳаққында**

Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң 5- ҳәм 7-класларына оқыўшылар қабыл етиўди шөлкемлестириў ҳәмде қабыллаў квотасын қәлиплестириў мақсетиндеги Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм де Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 15-июльдағы «"2021-2022-оқыў жылы ушын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелерине қабыллаў квотасын белгилеў ҳәм қабыллаў процесин шөлкемлестириў ҳаққында» ғы 2021-жыл 8-июньдағы қарарына қосымша ҳәм өзгерис киритиў ҳаққында» ғы 51 к/қ-, 09/ққ-санлы қоспа қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм де Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 15-июльдағы 51 к/қ-, 09/ққ-санлы қоспа қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2. Жоқарыдағы қоспа қарар менен:**

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм де Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 8-июньдағы 49 к/қ-, 07/ққ-санлы қоспа қарары менен тастыйықланған 2021-2022-оқыў жылы ушын айырым пәнлер терең үйренилетуғын қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мәкемелерине қабыллаў квотасына киритилген қосымша ҳәм өзгерислер **қосымшаға** муўапық тастыйықланғанлығы;

Өзбекстан Республикасы Бас ўәзириниң 2021-жыл 3-июльдағы 07/9-19-санлы тапсырмасына тийкар қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўлары 2021-жыл 29-30-июль күнлери ўәлаят(республика) орайларындағы ашық павильонлар (аллея, майданлар) да өткизилсин деп белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**3. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының аймақлық ўәкили менен биргеликте:**

көрсетип өтилген қарардың қосымшасы менен тастыйықланған қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мәкемелерине қабыллаў квотасына киритилген қосымша ҳәм өзгерислерди тийисли билимлендириў мәкемелерине жеткериў ҳәм усы тийкарда олар тәрепинен қабыл етилген өзлериниң буйрықларын қайта қарап шығыўын муўапықластырыў;

улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде шөлкемлестирилген қәнигелестирилген класларға 2020-2021-оқыў жылы ушын оқыўшылар қабыллаў процеслерин ашық павильонлар (аллея, майданлар) да өткизиў илажларын көриў;

қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелерине оқыўшылар қабыллаў бойынша тийисли пәнлерден тест сынаўларын өткериў кестесин ислеп шығыў;

тест сынаўы процесин әдил ҳәм әшкаралықты тәмийинлеген ҳалда өткериў мақсетинде улыўма билим бериў мәкемелериниң веб-сайты ҳәмде социаллық тармақларда онлайн трансляция етиў жумысларын шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

**4. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:**

көрсетип өтилген қарардың қосымшасы менен тастыйықланған қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мәкемелерине қабыллаў квотасына киритилген қосымша ҳәм өзгерислерди тийисли билимлендириў мәкемелерине жеткериў ҳәм усы тийкарда тийисли илаж көрилиўин шөлкемлестириў;

қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўларына қатнасатуғын оқыўшыларды белгиленген орынларға алып келиўде қәўипсизлик шараларын көриў;

тест сынаўында қатнасатуғын оқыўшылардың өз ўақтында жетип келиўи ушын жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеген ҳалда автобуслар ажыратыў бойынша жергиликли ҳәкимликлерге усыныс хатлар киритиў;

тест сынаўларында қатнасатуғын оқыўшылар ушын зәрүрли муғдарда медициналық маска, суў менен тәмийинлеў илажларын көриў;

тест сынаўларына оқыўшылардың кириўи ҳәм тест өткизиў процесинде олардың санитария қағыйдаларына әмел еткен ҳалда өткизилиўин тәмийинлеў илажларын көриў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 23 -июль
175 - санлы

**ЎЗБЕКИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ХАЛҚ ТАЪЛИМИ ВАЗИРЛИГИ
ЎЗБЕКИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР МАҲКАМАСИ
ҲУЗУРИДАГИ ДАВЛАТ ТЕСТ МАРКАЗИНИНГ
ҚАРОРИ**

**"2021-2022 ўқув йили учун айрим фанлар чуқур ўрганиладиган давлат ихтисослаштирилган умумтаълим муассасаларига қабул квотасини белгилаш ва қабул жараёнини ташкил этиш тўғрисида"
2021 йил 8 июндаги қарорга қўшимча ва ўзгартириш киритиш ҳақида**

Айрим фанлар чуқур ўрганиладиган давлат ихтисослаштирилган умумтаълим муассасаларининг 5- ва 7-синфларига ўқувчилар қабул қилишни ташкил этиш ва қабул квотасини шакллантириш мақсадида Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги ва Вазирлар Маҳкамаси ҳузуридаги Давлат тест маркази **қарор қилади:**

1. Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги ва Вазирлар Маҳкамаси ҳузуридаги Давлат тест марказининг 2021 йил 8 июндаги 49қ/қ-сон ва 07/ққ-сон қарори билан тасдиқланган 2021-2022 ўқув йили учун айрим фанлар чуқур ўрганиладиган ихтисослаштирилган давлат умумтаълим муассасаларига қабул квотасига киритилган қўшимча ва ўзгартиришлар иловага мувофиқ тасдиқлансин.

2. Ўзбекистон Республикаси Бош вазири ўринбосарининг 2021 йил 3 июлдаги 07/9-19-сон топшириғга асосан ихтисослаштирилган давлат умумтаълим муассасаларининг тегишли синфлари учун тест синовлари 2021 йил 29-30 июль кунлари вилоят марказларидаги очиқ павильонлар (ҳиёбон, майдонлар)да ўтказилсин.

3. Мазкур қарорнинг ижросини назорат қилиш Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирининг биринчи ўринбосари У.Шарифходжаев, Вазирлар Маҳкамаси ҳузуридаги Давлат тест маркази директори ўринбосари С.Раджабов зиммасига юклатилсин.

**Халқ таълими вазири** **Ш.Шерматов**

Тошкент ш.,
2021 йил 15 июль
51и/15-сон

**Давлат тест маркази директори** **М.Каримов**

Тошкент ш.,
2021 йил 16 07,
09/46.-сон